



**PWOSE VÈBAL
ODYANS AK REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON SOU BIDJÈ FY2023 A.**

23 mars 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon adistans 23 Mas 2022 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran ak Reprezantan Elèv yo Xyra Mercer.

Manb Komite Lekòl ki Absan yo: Pa t genyen.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda

Rapò Reyinyon: 16 Mas 2022 FY23 Rankont ak Odyans sou Bidjè

Don an Espès avèk yon Total Estimasyon \$20,020

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize: \$883,650

Pwojè Reprasyon Akselere Otorite pou Konstriksyon Lekòl nan Massachusetts (Massachusetts School Building Authority, MSBA) yo PowerPoint

Lèt sou Bidjè Final FY23 Sipè entandan an a Komite Lekòl la, 16 Mas 2022

Mizajou nan Tablo Bidjè FY23 2022 03 16

Deklarasyon Enpak sou Ekite Rekòmandasyon Bidjè FY23

Lèt Dokiman sou Bidjè FY23

Memo konsènan: Mizajou sou Enskripsyon ak Devwa, 17 Mas 2022

23 mars 2022

Prezantasyon Mizajou sou Enskripsyon ak Devwa

Deklarasyon sou Enpak Ekite nan Enskripsyon ak nan Devwa

APÈL NOMINAL

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Tout manm yo te prezan avèk eksepsyon Mesye Cardet-Hernandez ak Mesye O'Neill ki te rejwenn sesyon egzekitif ki ankou a, ak Madam Mercer ki te rejwenn rankont piblik la a 6 p.m.

Madam Robinson te anonse ke Komite a t ap repòte imedyatman pou yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak seyans negosyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston yo. Li te di ke Komite a t ap retounen nan sesyon piblik la a 6 p.m.

REPÒTE NAN SEYANS EGZEKITIF LA

Apwouve - Nan yon apèl nominal, Komite a te vote nan anonima pou repòte imedyatman pou yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak seyans negosyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston yo.

RETOUNEN NAN SESYON PIBLIK AK APÈL NOMINAL

Prezidan Jeri Robinson a te rekonvoke pou sesyon piblik la a apeprè 6:08 p.m. Li te anonse ke Komite a te fèk retounen sot nan yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak negosyasyon kolektif avèk Sendika Pwofesè Boston yo.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epitou li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtan an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Pa apèl la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal rankont Komite Lekòl ak Odyans lan sou Bidjè FY23 a nan dat 16 Mas 2022 a.

23 mars 2022

RAPÒ SIRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madam Prezidan, epi mèsi dèske nou rejwenn nou aswè a. Mwen genyen kèk mizajou ke mwen vle pataje anvan mwen antre fon nan prezantasyon pou aswè a.

Panse nou yo rete avèk elèv nou yo epi avèk manm pèsònèl nou an nan TechBoston Academy aprè yon fiziyad trajik ki te genyen semèn pase an andeyò lekòl la ki te blese yon elèv ak yon pwofesè pandan y ap prepare pou yon evènman nan lekòl la. Elèv nou yo dwe santi yo san danje epi resevwa soutyen epi tip vye aksyon vyolans kominotè sa yo ka genyen yon enpak ki dirab. Mwen rekonesan nan Sèvis Sekirite BPS la epi patnè nou yo nan BPD ki te reponn touswit epi ki te rete kòm sipò nan lekòl la. Mwen rekonesan pou Majistra Wu ki te rejwenn mwen nan lekòl la nan lannwit fiziyad la epi li te rete an kontak nan jou ki swiv yo pou asire yon efò sipò ki kowòdone nan tout vil la. BPS rete pwofonndman angaje nan bay espas ki sekirize pou elèv nou yo aprann epi yo p ap tolere aksyon sa yo. Mwen remèsye Ekip Sekirite ak Ekip Kriz ekstrawòdinè nou an pou travay enkwayab sa a paske li travay avèk BPD pou reponn epi travay sou ankèt sa a. Mwen konnen ke mwen te diskite pandan plizyè minit pandan mizajou mwen yo, men mwen vle byen vit abòde sekirite jeneral lekòl la ak relasyon dirab avèk BPD la paske medya yo kòmanse ap mete presyon sou sekirite nan lekòl nou yo. Ekip nou yo travay di pou aprann konnen elèv yo ak kominote a pou anpeche otan posib ensidan yo rive nan lekòl yo. Espesyalis nan Sekirite yo nan lekòl la pou jere ensidan yo lè yo rive epi pou rete BPD lè sa nesèsè. Nou kwè ke modèl sa a, ki konsantre sou relasyon yo men ki aji byen vit epi yon fason desizif lè sa nesèsè pral ankouraje anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki akeyan. Menm jan Chèf Coakely te diskite nan yon dènye rankont, Espesyalis Sekirite nou yo te pase gwo fòmasyon nan travayè avèk jèn moun nou yo men tou rezoud pwoblèm yo.

Jan mwen te note nan kòmantè mwen yo semèn pase a, BPS toujou an kontak sere avèk BPHC sou endikatè nou bezwen pou ale nan yon politik fakiltatif sou opsyon mask la nan lekòl nou yo. Byenke nou rete nan konvèsasyon sa yo, nou konnen ke genyen lòt efò rediksyon ke nou ka kòmanse adopte ankò oswa ogmante. Akoz tanperati a ap vin cho, nou kòmanse louvri fènèt nou yo epi kòmanse ale nan plis aktivite anplèn epi n ap kòmande tant nan lekòl ki vle yo a. Nou te enstale kaptè pou kalite lè nan chak saldeklas ak youn nan chak lekòl pou kontwole lè eksteryè a. Nou rann mezi dinamik sa a disponib nan yon tablodbò sou sit entènèt nou an. Apwòch sa yo koresponn ak yon gwo revizyon done ki pral enfòme priz desizyon nou an. Pandan moman sa a, n ap prepare nouvo siy ak mesajri pou asire ke tout elèv ak manm pèsònèl la resevwa sipò nan desizyon y ap pran an. Nou pral kenbe Kominote a ak lekòl ak fanmi nou yo enfòme pandan n ap prepare pou kontwole done yo epi vin pipre yon desizyon.

Mesye O'Neill ak mwen te genyen opòtinite pou konekte avèk kamarad nou yo nan Konsèy Great City Schools yo pandan wikenn pase sa a. Konferans ki òganize chak ane pa Konsèy la, rasanble Sipè entandan yo, manm Komisyon Lekòl yo, ak manm pèsònèl la pou yon wikenn planifikasyon, revizyon done, ak pataj pi bon pratik yo. Mwen rekonesan paske Mesye O'Neill te kontinye lidèchip nan Konsèy la ak pou opòtinite pou konekte avèk kòlèg yo nan peyi a.

23 mars 2022

Jan mwen te kominike avèk Komite a pandan semèn pase a, Konsèy Riley a te voye yon lèt ban mwen ki mansyone yon revizyon akselere nan distri a. Nan mesaj sa a, Komisè a te eksprime yon dezi pou fè yon revizyon sou kalandriye ki rakousi a pou voye yon rapò ki aktyalize bay Sipè entandan an epi dokimante pwogrè yo tout kòm domèn opòtinite. Mwen te deklare plizyè fwa ke mwen te apresye rezilta revizyon distri a ke yo te ban mwen nan mwa Fevriye 2020 an lè mwen te premye rive a, ki mansyone 300 paj yon revizyon apwofondi konsènan operasyon ak akademik yo. Ekip la te genyen yon semèn pou rasanble dokimantasyon ki rekòmande pa eta a epi l ap travay san kanpe pandan wikenn nan pou konpile dokiman yo epi prepare pou vizit k ap kòmanse semèn pwochèn nan. Kout revizyon sa a pral dire twa jou epi li pral genyen ladan obsèvasyon saldeklas ak yon sou ansanm lekòl ki seleksyone pa eta a. Mwen kwè ke nou te fè gwo pwogrè malgre yon pandemi. Nou te adopte nouvo politik, nou te dirije nouvo investisman, epi nou te remake ogmantasyon nan pousantaj gradyasyon yo ak yon diminisyon nan pousantaj elèv ki abandone yo. Nou konnen ke nou toujou genyen travay pou fè, men mwen genyen konfyans ke evalyatè yo pral wè ke distri a te fè gran pa epi li te kòmanse konstwi yon fondasyon ki solid ki fè fas ak inegalite sistemik ki la depi lontan nan sistèm nan ki te fè enpak sou rezilta elèv yo. Mwen rekonesan pou patenarya kontini avèk eta a epi mwen pral kontinye enfòmè Komite a sou vizit la.

Semèn sa a, 21 Mas jiska 25 Mas, se katriyèm edisyon anyèl nan Semèn respè 24/7 nan distri a! Ane sa a, tout elèv sizyèm ane yo pral gade epi diskite sou videyo rekonpans Pri Telly sou Ekite nan Biwo BPS la, “24/7 Respect” ki montre aktè elèv yo nan Boston Arts Academy. Elèv yo pral genyen opòtinite pou aprann sou fason pou prevni epi anpeche ensidan ki baze sou prejije ak move kondwit seksyèl, keseswa an pèsòn, pa mesaj tèks, oswa sou rezo sosyal yo. Videyo sa a disponib an Anglè oral ak Espanyòl oral, ak soutit nan plis pase douz lang. Pwofesè, travayè sosyal, ak lòt manm pèsònèl lekòl yo te asiste sesyon enfòmatif nan Biwo Ekite a pou prepare pou reyalizasyon ane sa a. Mwen ta renmen pataje yon videyo de minit ki soulinye nan ki pwen pwogram sa a efikas. Nou vrèman fyè paske yo pwogram sa a kòm yon modèl nasyonal, epi mwen enpasyon pou tandè elèv ak pwofesè nou yo konsènan patisipasyon yo pandan semèn sa a.

Epitou mwen te vle pataje yon rapèl rapid ki priyorize enskripsyon pou elèv k ap antre nan klas K2, 1-5, 8 epi 10-12 te kòmanse epi pral fini nan jou Vandredi 1 Avril la. Yo pral enfòmè fanmi yo konsènan atribisyon yo disi fen mwa Me a.

Tou enskripsyon priyorite pou K0, K1, 6, 7, ak 9 la te fèmen. Elèv yo atribye nan tou sa a pral resevwa enfòmasyon sou atribisyon disi fen mwa Mas la. Fanmi yo ka toujou enskri pou klas sa yo atravè yon Sant Dakèy epi pral enkli nan dezyèm tou atribisyon an. Tout notifikasyon atribisyon klas 7 yèm pou atribisyon lekòl nonegzamen yo te ale nan dezyèm tou a epi yo pral pibliye yo nan fen mwa Me a. Yo te konsidere aksyon sa a pou pwosesis admisyon lekòl egzamen yo ke yo toujou prevwa pou fen mwa Avril la. Nan yon efò pou kenbe tout fanmi nou an sekirite ak pou limite ekspozisyon ak COVID-19, tout enskripsyon nan lekòl la aktyèlman rive fèt sou randevou sèlman. Ou ka swiv etap yo sou sit entènèt nou an nan www.bostonpublicschools.org/register pou fini pwosesis preenskrripsyon pou timoun ou an. Mwen te vle byen vit pataje yon istwa pozitif ki te pase nan semèn pase a. Biwo Sante ak Byennèt BPS la ak Asosiyasyon Atletik BPS la te reyini pou pataje mesaj edikasyon fizik la bay elèv BPS yo. Nan jou Lendi 14 Mas la, BAA te pote Nell Rojas, yon maratonyen, tri atlèt epi ki chanpyon nan kous obstak ki genyen renome mondyal la, pou fè yon prezantasyon pou elèv yo nan kou Edikasyon Fizik nan New Mission ak lekò, segondè BCLA yo. Vizyon sa a kowenside

23 mars 2022

ak don 2020 an de BAA pou ekipman fizik fonksyonèl tankou altè, bosu balls, medecine balls, bwat so plyo ak plis pou chak pwogram PE nan chak lekòl segondè BPS. Pandan vizit Lendi a, elèv yo te patisipe nan yon egzèsis fòmasyon sikwi avèk itilizasyon ekipman ansanm ak Nell Rojas. Epiou Rojas te pataje pwòp pakou li pou vin yon kourè pwofesyonèl avèk elèv yo. Mwen vle bay yon kri espesyal pou Biwo Sante ak Byennèt BPS la ak BAA pou patenarya kontini yo, ak pou Nell Rojas pou vizit la ak pou paske li te anseye elèv nou yo konsènan enpòtans kondisyon fizik pandan tout lavi yo.

Antanke Sirentan sa a se tout rapò m pou aswè a.

Madam Robinson te mande Sipè entandan an si li te genyen enkyetid konsènan posiblite pou fini obligasyon mask la. Sipè entandan an te pale konsènan distri a pou li òganize plis pase 100 klinik vaksen ak efò kontini pou vaksinen elèv nou genyen ki plis jèn yo. Li te pale konsènan enpòtans sa genyen pou respekte chwa moun ki toujou chwazi mete mask yo. Madam Robinson te mande plis enfòmasyon konsènan kaptè kalite lè enteryè yo. Sipè entandan Adjwen pou Operasyon yo ki se Sam Depina te eksplike ke kaptè yo kontwole nivo monoksid kabòn, tanperati ak kalite lè nan chak saldeklas BPS ak domèn administratif yo tou. Enfòmasyon yo disponib pou piblik la atravè tablodbò done sou entènèt la epi li kontwole pa ekip anviwònmanal distri a.

Chèf Enterimè pou Avans Kominotè ak Familyal la ki se Denise Snyder te klarifye pou Mesye Cardet-Hernandez ke Sant Dakèy la louvri pou enskripsyon an pèsòn sou randevou epi adistans tou. Li te mande si fanmi yo genyen otorizasyon pou tou nan lekòl yo an pèsòn. Madam Synder te di ke vizitè yo genyen otorizasyon kounyeya epi li pral fè swivi avèk plis enfòmasyon epi pataje yo sou sit entènèt BPS la.

Madam Polonco Garcia te deklare ke paran yo genyen enkyetid avèk entimidasyon nan lekòl yo. Li te mande done sou elèv ki te pran vaksen an. Konseye Prensipal la Megan Costello te eksplike kompleksite ki genyen nan koleksyon done yo, sa ki ajoute ke done yo san pousan fyab. Li te konplèman Boston International Newcomers Academy (BINCA) pou efò vaksinasyon li yo.

Madam Mercer te mande kilè BPS kapab retire obligasyon pou mask la. Sipè entandan an te deklare ke vil la atenn 10 ka pozitif sou chak 100,000 rezidan.

Apwouve- Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sirentandan an.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

- Lillianis Rodriguez Rivera, Rezidan nan South Boston, elèv BPS, ak manm Sociedad Latina te temwanyen pou kapab sipòte ekspansyon etid etnik yo.
- Sarah Horsley, rezidan nan Jamaica Plain ak manm Fanmi BPS yo pou Sekirite COVID la, te temwanyen pou kapab sipòte egzijans mask nan lekòl Boston yo.
- Michael Heichman, rezidan nan Dorchester ak manm Alyans Edikasyon ak Jistis Boston (BEJA), te temwanyen konsènan pwopozisyon bidjè FY23 a.
- John Mudd, rezidan ak avoka nan Cambridge, te temwanyen konsènan pwopozisyon bidjè FY23 a ak pwosesis rechèch sipè entandan an.

23 mars 2022

- Elise Pechter, rezidan nan Jamaica Plain ak manm Fanmi BPS yo pou Sekirite COVID la, te temwanye pou kapab sipòte egzijans mask nan lekòl Boston yo.
- Cheryl Buckman, , rezidan nan South Boston ak manm Fanmi BPS yo pou Sekirite COVID la, te temwanye pou kapab sipòte egzijans mask nan lekòl Boston yo.
- Matthew Connor, rezidan nan Jamaica Plain and P.A. Pwofesè nan Shaw Elementary School, te temwanye pou kapab sipòte ekspansyon klas lekòl la.
- Brian Ruka, rezidan nan Dorchester ak paran nan Kenney Elementary School, te temwanye konsènan atribisyon sèks an atribisyon seksyalite nan lekòl la.
- Edith Bazile, rezidan nan Hyde Park, avoka, te temwanye konsènan McKinley Schools.
- Suleika Soto, rezidan nan South End ak paran BPS ak manm Fanmi BPS yo pou Sekirite COVID la, te temwanye pou kapab sipòte egzijans mask nan lekòl Boston yo ak bidjè a.
- Nora Paul-Schultz, rezidan nan Jamaica Plain ak pwofesè nan O'Bryant School, te temwanye konsènan negosiyasyon kontra ant BPS ak Sendika Pwofesè Boston yo.
- Ruby Reyes, rezidan nan Dorchester ak direktè egzekutif BEJA a, te temwanye kont sekès eta a.
- Amy Gebo, rezidan nan Quincy ak pwofesè nan Holmes Innovation School, te temwanye konsènan negosiyasyon kontra ant BPS ak Sendika Pwofesè Boston yo.
- Anne Marie Brochu, rezidan Quincy ak pwofesè nan Murphy K-8 School, te temwanye konsènan negosiyasyon kontra ant BPS ak Sendika Pwofesè Boston yo.
- Wilmer Quinones, rezidan nan Dorchester manm pèsònèl Sociedad Latina, te temwanye pou kapab sipòte ekspansyon etid etnik yo.
- Mary Lee Marra, rezidan Hyde Park ak avoka, te temwanye konsènan enkyetid ak rezilta pou elèv BPS yo.
- Alison Pultinas, rezidan Mission Hill ak repòtè Fenway News, temwanye konsènan disponiblite enfòmasyon sou espòtif BPS yo.
- Barbara Fields, rezidan Mattapan ak avoka, te temwanye pou sipòte elajisman P.A. Shaw Elementary School.

AKSYON

Apwouve - Sou apèl, Komite a te apwouve yon fason inanim akseptasyon don an espès yo (ekipman mizik) nan men Donald Perlo avèk yon total valè ki estime ak \$20,020.

Apwouve- Sou apèl, Komite a yon fason inanim te apwouve sibvansyon yo pou apwobasyon yon montan total de \$883,650.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou itilizasyon distri a konsènan zouti planifikasyon ekite rasyal nan seleksyone Pwojè Reparasyon Akselere Otorite yo nan Batiman Lekòl Massachusetts yo. Direktè Finansye Adjwen David Bloom te eksplike fason BPS itilize done yo nan pwosesis seleksyon li a ak fason li angaje nan kominote lekòl yo atravè pwosesis Build BPS la.

Apwouve - Sou apèl, Komite a te apwouve yon fason inanim pwojè Reparasyon Akselere Otorite Batiman Lekòl BPS yo (MSBA) (ARP): Burke, Curley, Haley, ak Warren-Prescott ranplasman

23 mars 2022

chodyè; Henderson Upper ak Ohrenberger ranplasman plafon; ak ranplasman plafon ak fenèt nan English High School.

Doktè Alkins te poze kesyon klarifikasyon konsènan fason dokiman sou bidjè yo pataje avèk fanmi yo, ak konsènan itilizasyon zouti planifikasyon ekite rasyal la. Mesye Bloom te eksplike pwosesis bidjè kolaboratif la avèk kominote lekòl yo ak entegrasyon planifikasyon ekite rasyal la avèk sipò Direktè Adjwen pou Estrateji ak Ekite a Charles Grandson.

Mesye Cardet-Hernandez te pale konsènan kè eleman nan pwopozisyon bidjè a ki enteresan men ki se enkyetid eksplisit konsènan responsablite Komite a nan sante fiskal lontèm distri a. Mesye Bloom te klarifye ke pwopozisyon bidjè FY23 a ajoute 117 pozisyon (99 ki baze nan lekòl la epi 18 ki baze nan santral la). Mesye Cardet-Hernandez te ekspriye enkyetid ke bidjè a kapab prezante difikilte alavni lè distri a bezwen redwi gwosè l. Li te poze kesyon konsènan pòs lib yo. Mesye Bloom te di ke BPS akyèlman genyen 864 pòs lib epi yo pibliye 20 pousan nan yo omwen sis mwa alavans.

Direktè Egzekitif Finansye a Nate Kuder te klarifye ke klarifye ke Mesye O'Neil ke pwopozisyon bidjè a genyen ladan pwojeksyon sou finansman federal la sou edikasyon selon pi bon enfòmasyon ki disponib nan moman sa a. Sipè entandan an te deklare ke 4,000 elèv BPS an mwens te kategorize kòm elèv ki nan wot povrete nan dènye Resansman Etazini an, sa ki pral fè enpak sou bidjè FY24 la. Mesye O'Neill te note ke kounyeya genyen yon pwopozisyon pou chanje aktyèl fòmil finansman federal la sou edikasyon ak fason pou mentni aktyèl fòmil la t ap nan pi bon enterè Boston.

Doktè Alkins te mande plis enfòmasyon konsènan investisman distri a nan opòtinite aprantisaj STEM ki ekitab la. Sipè entandan an te deklare ke manm pèsonèl la pral fè swivi.

Mesye O'Neill te remèsye Sipè entandan an paske ki garanti \$100 nan finansman pou edikasyon pandan plis pase twa lane nan Vil la. Li te ekspriye ke desizyon Sipè entandan an pou mete yon gwo kantite finansman federal la nan reyalizasyon pwojè yo pou lekòl yo te fè fas ak diminisyon enskripsyon epi y ap retabli de pandemi an. Li te rekonèt ke sitiyasyon sa a pa dirab epi li pral prezante difikilte nan lane k ap vini yo.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon konsènan plan distri a pou ogmante sipò pou elèv ki genyen andikap yo. Mesye Kuder te mansyone investisman espesifik ke distri a ap fè nan domèn edikasyon espesyal, ki genyen ladan nouvo pozisyon pou manm pèsonèl ak elajisman opòtinite enklizyon yo. Sipè entandan an te deklare ke li te rekrute Doktè Nadine Ekstrom pou sèvi antanke Konseye Prensipal pou Sipè entandan an pou Edikasyon Espesyal.

Doktè Alkins te poze kesyon sou fason investisman sa yo pral ede fèmèn eka ki genyen nan akonplisman an. Sipè entandan an te pale konsènan investisman estratejik nan sèvis akademik ak sèvis global yo pou bay yon apwòch ki genyen plizyè nivo, ki genyen plizyè disiplin pou fèmèn eka yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande kantite lajan ki nesèsè pou distri a rive bay sèvis pou elèv ki genyen andikap ak elèv lang Anglè yo tou. Doktè Ekstrom te dakò pou fè swivi. Mesye Bloom te estime ke li t ap koute anviwon \$6.5 milyon pou bay sèvis konpansatwa pou COVID yo.

23 mars 2022

Mesye Robin te ankouraje ekip bidjè a pou bay yon lib bidjè FY23 ki genyen resi yo.

Apwouve - Nan apèl, Komite a te apwouve Rekòmandasyon Finansman Jeneral Bidjè FY23 Sipè entandan an nan montan \$1,334,845,508. Mesye Cardet-Hernandez te vote non. Tout lòt manm yo te vote wi.

RAPÒ

Enskripsyon ak Mizajou sou Atribisyon- Direktè Pa Enterim ak Avansman Komitè a ak Direktè Egzekitif Sèvis Dakèy la Sonia Gómez-Banrey te prezante yon mizajou sou travay Biwo Sèvis Dakèy yo nan enskripsyon ak atribisyon, ki genyen ladan mizajou sou pwosesis yo, kantite enskripsyon, ak dènye inovasyon yo. Sèvis Dakèy la sipòte elèv ak fanmi yo nan chwa lekòl yo, enskripsyon, atribisyon ak tranzisyon pou asire enskripsyon ki reyisi nan Lekòl Piblik Boston yo. Yo bay sipò nan nèj lang prensipal distri a nan kat Sante Dakèy yo. Madam Synder te eksplike ke pwosesis enskripsyon lekòl la fèt nan de tou. Nan Ane Lekòl 2021/22, 80 pousan fanmi ki te enskri nan tou priyorite yo te resevwa youn nan twa premye chwa prensipal yo. Li te ekskize pou yon erè sou dyaporama nèt la nan prezantasyon PowerPoint lan, ki deklare ke kantite enskripsyon pou ane sa a prèske rive nan 6,000 (se pa 8,851).

Lekòl Egzamen: Etap pou Atribisyon

- Konfime rezidans nan Boston (pou fanmi ki pa BPS yo) - 17 Desanm
- Elèv BPS yo soumèt chwa yo - 4 Fevriye
- Nòt yo te antre nan ASPEN - 11 Fevriye
- Verifikasyon GPA - 11 Fevriye-29 Fevriye
- Validasyon Tyès Pati GPA - 1-11 Mas
- Apèl pou elèv BPS ki kalifye yo - 11 -18 Mas
- Avi sou Elijiblite - 11-18 Mas
- Nòt konpozit ki finalize - 21-25 Mas
- Verifikasyon Oditè Ekstèn - 28 Mas-8 Avril
- Finalize kapasite nan chak lekòl - Kòmansman Avril
- Fè similasyon/tès pou erè - Mitan Avril
- Dènye tou nan algorit atribisyon an - Fen Avril
- Telechaje atribisyon yo epi prepare pou lapòs/imèl - Fen Avril/Kòmansman Me

Inovasyon:

- Te rekrute ASG Marketing pou pwodwi kanpay kominikasyon ki sible pou fanmi ki genyen entansyon enskri anreta yo
- Tè òganize 15 Sesyon Enfòmasyon pou Enskripsyon Vityèl ak 13 an Pèsòn
- Te pwograme twa oswa plis Moman Previzyon/Tou Vityèl nan Lekòl nan chak lekòl
- Deplwaman videyo eskolè yo (pa mwayen Biwo Kominikasyon an)
- DiscoverBPS.org
- Kalandriye sou Entènèt
- Gwou Travay Entè-Depatmantal pou egzamine opsyon pou amelyore kalandriye Tou yo
- Patenarya potansyèl avèk Cradles to Crayons

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

23 mars 2022

▫ Materyèl pou tan frèt ak materyèl pou lekòl ki esansyèl pou fanmi ki genyen bezwen yo

- Kanpay sansibilizasyon elaji pou sipòte fanmi Elèv Anglè yo nan kòd postal ki genyan fèb Patisipasyon nan Premye Tou a.

Doktè Alkins te mande done sou rezilta kanpay kominikasyon yo lè yo disponib. Li te poze kesyon sou posiblite pou adapte kalandrite enskripsyon distri a ak lòt lekòl yo pou fanmi yo ka pran desizyon ki enfòmè. Madam Snyder te pale sou tansyon ki genyen nan adaptasyon kalandriye enskripsyon an.

Madam Polanco Garcia te felisite ekspansyon distri a sou aksè pou fanmi elèv Anglè yo. te ogmante aksè pou fanmi yo.

Mesye O'Neill te felisite kolaborasyon distri a avèk yon patnè ekstèn pou verifye done lekòl egzamen yo. Li te ekspriye enkyetid konsènan enpak kalandriye notifikasyon lekòl egzamen yo sou fanmi ki kapab fè lòt chwa yo. Li te ankouraje distri a pou voye envitasyon osito sa posib.

Doktè Alkins te poze kesyon sou si ajisteman nan kalandriye enskripsyon an posib. Madam Synder te eksplike kompleksite ki genyen nan kalandriye a.

Mesye Cardet-Hernandez te sijere pou BPS eksplore estrateji enskripsyon ki kreyatif pandan peryòd enskripsyon ki plis elve yo.

Mizajou sou Komite Rechèch Sipè entandan an - Mesye O'Neill, ki sèvi nan Komite Rechèch Sipè entandan an, te prezante yon mizajou sou pwosesis rechèch la sou demann Direktè Adjwen Komite Rechèch la Madam Lopera ki pa te santi l byen epi li te kite rankont lan byen bonè.

Komite Rechèch Sipè entandan an te òganize premye rankont adistans li nan dat 22 Mas la. Plan Komite a pou fè rankont adistans chak Madi swa jiskaske li akonpli responsablite li a, ki se rekòmandasyon kandida final yo pou Komite Lekòl la konsidere. Tout rankont yo pral fèt an dirèk, entèpretasyon similtane epi genyen ladan yon opòtinite pou kòmante piblik. Lyen pou rankont Zoom nan ak videyo rankont yo afiche sou bostonpublicschools.org/supt-search.

Rankont yèswo a te plis yon sesyon travay. Diskisyon an te plis santre sou kesyon ak kòmantè ki lye ak fidbak nan sesyon ekout ki te òganize jiskaprezan yo. Komite a diskite sou sijè prensipal ki te fè aparasyon yo ak enplikasyon pou yon pwofil lidèship ki ajou/deskripsyon travay Sipè entandan an.

Kèk nan sijè sa yo te genyen ladan:

- Kalite fanmi yo vle wè nan pwochen Sipè entandan an:
 - Renmen koute
 - Kolaboratè
 - Kominikatè
 - Bileng
 - Angaje nan lit kont rasis

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

23 mars 2022

- Chanpyon nan ekite
- Transparan
- Yon moun ki te pase tan nan saldeklas la epi ki konprann Boston

- Epitou Komite a te tande fidbak konsènan domèn pou amelyorasyon yo nan BPS:
 - Transpò
 - Etablisman
 - Sèvis alimantè
 - Sekirite nan lekòl
 - Fè fas ak pèt aprantisaj nan pandemi an

Repons sou Demann pou Pwopozisyon (RFP) pou yon fim Rechèch pou Sipè entandan te dwe fèt jiska 22 Mas a 12 p.m. Dat limite orijinal la se te Vandredi 18 Mas; sepandan akòz dat konfliktiyèl yo nan divès dokiman ki disponib pou piblik la, dat limit pou repons pou RFP a te pwolonje. Yo te afiche yon adendòm sou [paj entènèt Komite a](#) nan Vandredi, epi yo te enfòmè fim ki te soumèt aplikasyon yo. Yo te soumèt sèt pwopozisyon. Ekip Revizyon RFP a pral revize pwopozisyon yo, fè entèvyou ak fim yo epi prezante yon rekòmandasyon bay Komite Rechèch la. Objektif la se pou Komite Rechèch la fè yon rekòmandasyon pou angaje yon fim rechèch ki soti nan revizyon an bay Komite Lekòl la pou apwobasyon jiska kòmansman Avril. Revizyon inisyal la pral fèt pa Direktè Kapital Imen an Al Taylor ak de manm komite rechèch ki atribye pa Prezidan Adjwen yo: Jose Valenzuela ak Mr. O'Neill. Ekip revizyon an pral resevwa asistans Direktè Komèsyal la Naveen Reddy ak manm pèsònèl li a, ki pral bay sipò pou pwòje a ak konsèy pou asire pwosesis revizyon RFP a fini yon fason ki efikas epi ki respekte tout egzijans legal yo.

Komite Rechèch la te òganize de sesyon ekout kominotè adistans: Yon sesyon jeneral nan dat 9 Mas la ak yon sesyon vèbal an Espanyòl nan dat 15 Mas la. Tout Komite Rechèch la te prezante nan sesyon ekout yo. Antou, plis pase 450 moun te asiste de sesyon yo. Videyo sesyon sa yo, ak konvèsasyon yo afiche sou paj entènèt Rechèch Sipè entandan an. Komite a pral òganize yon sesyon ekout pou elèv yo nan dat 24 Mas apati 6-8 p.m, ak yon lòt sesyon ekout jeneral nan Samdi 2 Avril la apati 10 a.m. - 12 p.m. Toude sesyon yo pral fèt an dirèk, entèpretasyon similtane nan tout lang dakèy BPS yo. Moun yo ka enskri pou pwochen sesyon akout yo epi soumèt videyo temwanyaj ak soumèt tèks nan bostonpublicschools.org/supt-search. Yo ka voye fidbak yo pa imèl nan superintendentsearch@bostonpublicschools.org.

Apati 3 p.m. jodia, Komite a te resevwa anviwon 350 repons pou sondaj la. Yo te mande moun k ap patisipe nan sondaj la pou dekri relasyon yo avèk BPS epi seleksyone tout opsyon ki aplike yo. Gran majorite repons yo te soti de paran oswa swanyan aktyèl elèv BPS yo, epi 67% nan moun ki te patisipe yo idantifye yo konsa. Anplis, 28% yo se manm kominotè, 3% yo se elèv, 13% yo se pwofesè BPS, 2% se lidè lekòl BPS, epi 8% idantifye antanke lòt manm pèsònèl BPS. Mesye O'Neill te ankouraje moun yo pou fè sondaj la pou Komite a ka tande divès gwoup aktè BPS yo.

Komite a pral kolekte ak sentetize tout kòmantè, chèche tèm yo, epi pataje l avèk kominote a bonè nan mwa Avril. Sa pral ede enfòmè deskripsyon djòb ak kandida potansyèl ke n ap konsidere.

**Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan
Zoom**

23 mars 2022

Nan dat 6 Avril la, Komite Lekòl la ap planifye pou vote pou fim rechèch la, ak deskripsyon travay Sipè entandan an epi bay yon apèl pou kandida ki kalifye yo. An Avril ak me, fim Rechèch la pral fè verifiye egzaminasyon isyal ak pase kandida yo. Komite Rechèch la pral revize aplikasyon yo epi seleksyon kandida pou fè entèvyou avèk yo nan sesyon egzekitif la. Aprè entèvyou yo, Komite Rechèch la pral chwazi finalis pou prezantasyon piblik la. Lè travay la fini, Komite Rechèch la pral akonpli responsablite l. Nan jwen, Komite Lekòl la pral anonse kandida final epi fè entèvyou piblik. Komite Lekòl aprè sa pral vote sou yon kandida pou ofri pozisyon Sirentandan an.

Mesye O'Neill te mande Madam Mercer pou ede ankouraje sondaj rechèch Sipè entandan an nan objektif pou ogmante pousantaj patisipasyon elèv yo.

Mesye O'Neill te klarifye ke Madam Robinson pou plan Komite Rechèch la prezante rekòmandasyon li sou yon fim rechèch ak deskripsyon travay Sipè entandan an bay Komite Lekòl la pou jwenn konsiderasyon ak yon vòt nan dat 6 Avril la. Li te deklare ke Komite Rechèch la ap tann pou resevwa lòt fidbak nan sesyon ekout yo ak lòt sous anvan yo aktyalize deskripsyon travay la.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.

NOUVO BIZNIS

Okenn

REPÒTE

Apwouve - Anviwon 10:01 pm, Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl nominal, pou ranvwaye rankont lan.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif